



## Konsèy pou New York State COVID-19 Vaccination Program (Pwogram Vaksinasyon COVID-19 New York State) 24 jen 2021

### Objektif ak Enfòmasyon Jeneral:

Tout moun ki gen **12 lane oswa pi gran** epi ki rezide nan Etazini kalifye pou pran vaksen an. Gade nan Apandis A pou konsèy konsènan konsantman ki nesèsè pou moun ki poko gen 18 lane.

Pèfòmans, rapidite, efò ak efikasite pwofesyonèl k ap bay vaksen yo rete faktè esansyèl nan distribisyon vaksen yo alavni, menm jan ak jistis, aksè, ak to pozitivite rejyonal.

Tout pwofesyonèl k ap bay vaksen nan New York State, ni sa yo ki rete nan Vil New York ak sa ki ap patisipe nan pwogram federal yo, dwe suiv konsèy ak rekòmandasyon New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York, NYSDOH), ki se obligasyon pou fè rapò konsènan dòz yo nan sistèm enfòmasyon pou vaksinasyon ki apwopriye (NYSIIS oswa CIR) a yon fason ki egzat epi konplè nan 24 èdtan aprè yo fin bay vaksen an selon Dekrè Egzekitif 202.82, jan 202.89 pwolonje l la, epi li dwe kenbe yon envantè ki ajou nan yon sistèm konsa.

Li enpòtan anpil pou voye rapò egzat epi alè bay NYSIIS/CIR, paske yo kapab itilize enfòmasyon sa yo pou pèmèt moun yo prezante prèv pou vaksinasyon tankou Excelsior Pass.

### Moun ki kalifye:

Tout moun ki gen 12 lane oswa pi gran epi ki rezide Etazini kalifye pou pran vaksen an.

Jou ki te 12 me, apre rekòmandasyon New York State Clinical Advisory Task Force (Gwoup Travay Konsiltatif nan New York State) la ak adopsyon CDC a pou Advisory Committee on Immunization Practices (Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinasyon, ACIP) kòm repons pou ekstansyon [Food and Drug Administration pou otorizasyon vaksen \(EUA\) Pfizer-BioNTech COVID-19 ann ijans](#) ki pran ankont adolesan 12 jiska 15 lane, gouvènè Cuomo otorize tout pwofesyonèl ki enskri nan pwogram vaksinasyon kont COVID-19 nan New York State yo etann kalifikasyon pou vaksen Pfizer COVID-19 pou adolesan ki gen 12 jiska 15 lane, apati kounya.

Timoun ki poko gen 18tan yo dwe prezante yon pyès idantite pou verifye yo gen omwen 12 lane oswa yo gen yon paran oswa yon responsab legal ki ateste nan non yo. Gade Apandis A pou konsèy konsènan konsantman ki nesèsè pou moun ki poko gen 18 lane.

[Fòm Vaksinasyon kont COVID-19 New York State](#) ki obligatwa a gen kesyon demografik ak yon atestasyon pèsònèl ou epi tout moun dwe ranpli l anvan vaksinasyon an.

## Mizajou sou Dat Ekspirasyon Vaksen COVID-19 de Johnson & Johnson:

10 jen 2021, FDA [te otorize yon pwolojman](#) dire konsèvasyon vaksen COVID-19 yon sèl enjeksyon Johnson & Johnson's Janssen (vaksen J&J) soti 3 mwa rive 4,5 mwa (6 semèn anplis). Desizyon sa a chita sou done etid evalyasyon estabilite aktyèl, ki montre vaksen an estab a 4,5 mwa lè li nan frijidè ant 36 a 46 degre Fahrenheit (2 a 8 degre Celsius).

Pwofesyonèl k ap bay vaksen ki gen vaksen J&J nan konsèvasyon dwe ale sou sit <https://vaxcheck.nj> epi antre nimewo lo a pou konfime dènye dat ekspirasyon vaksen an, ni sa yo ki disponib pou yo bay aktyèlman yo nan Etazini. Pwolojman sa a aplikab pou fyòl vaksen COVID-19 J&J yo te konsève selon kondisyon konsèvasyon fabrikan an.

Ti boutèy vaksen ak katon an dwe make nouvo dat yo afiche a epi dat la dwe ajou tou nan modil envantè NYSIIS oswa CIR la. Si pwofesyonèl la gen vaksen ki ekspire avan 10 jen 2021, l ap elimine fyòl sa yo kòm dechè medikal epi l ap deklare yo kòm gaspiyaj nan NYSIIS/CIR (konsilte gid deklarasyon gaspiyaj NYSIIS [isit la](#) ak NYCIR [isit la](#)).

Vaksen COVID-19 yo otorize nan kad yon EUA pa gen dat ekspirasyon fiks, epi yo kapab pwolonje dat ekspirasyon yo a lè FDA resevwa epi egzaminen done establi anplis yo. Pwofesyonèl k ap bay vaksen yo dwe ale sou sitwèb fabrikan an pou jwenn dat ekspirasyon ki pi resan pou vaksen COVID-19 yo gen nan men yo a.

## Pa Gen Entèval Minimòm Ant Vaksen COVID-19 ak Lòt Vaksen:

14 me, CDC te mete "[Kondisyon Klinik Pwovizwa pou Itilizasyon Vaksen COVID-19 yo Otorize Aktyèlman nan Etazini](#)," li yo ajou pou rekòmande "yo kapab bay **vaksen COVID-19 ak lòt vaksen kèlkeswa entèval ki separe yo kounyeya**. Sa vle di ou kapab pran vaksen COVID-19 an menm tan ak lòt vaksen nan menm jou a, epi ou kapab pran yo an menm tan pandan 14 jou." Menmsi anvan sa yo te rekòmande pou yo bay vaksen COVID-19 pou piti 14 jou avan oswa aprè lòt vaksen, rezon ki eksplike rekòmandasyon sa a se te yon prezosyon san bòn, epi li pa t gen pou wè ak okenn pwoblèm sekirite oswa iminitè, kidonk li pa aplikab ankò. Pou pwofesyonèl yo deside si yo dwe bay vaksen COVID-19 an menm tan ak youn oswa plizyè lòt vaksen, yo dwe konsidere si pasyan an anreta oswa si li riske anreta sou vaksen yo rekòmande l yo, si li riske trape maladi vaksen egzante (pa egzant, pandan yon epidemi oswa yon ekspozisyon pwofesyonèl) ak pwofil reyaktojenisite vaksen yo.

## Responsabilite Pwofesyonèl k ap bay Vaksen: <sup>1</sup>

- Yo kapab redistribye vaksen bay lòt etablisman, pwofesyonèl, kabinè medikal oswa depatman sante lokal ki enskri nan pwogram vaksen COVID-19 la, depi yo enfòmè NYSDOH avan. Avan etablisman yo redistribye vaksen an, yo dwe depoze yon [fòm redistribisyon konplè](#) yo ranpli kòm sadwa sou sit [COVIDVaccineRedistribution@health.ny.gov](mailto:COVIDVaccineRedistribution@health.ny.gov) epi yo kapab kòmanse fè distribisyon an kou yo soumèt li.
  - Yon pwofesyonèl kapab pote vaksen an yon lòt kote pou fè yon klinik vaksinasyon ki gen yon tan limite san otorizasyon NYSDOH alavans. Si pwofesyonèl la bay dòz yo epi li deklare dòz li bay yo an fonksyon pwòp envantè l nan NYSIIS, tout vaksen yo pa itilize yo dwe retounen kote yo te ye anvan an nan fen klinik jou sa a. Pwofesyonèl la dwe konsève posesyon ak kontwòl vaksen an pandan tan transpò epi pandan l ap bay li.

<sup>1</sup> Nou otorize moun nou idantifye nan kad [deklarasyon Public Readiness and Emergency Preparedness Act \(PREP Act\) \(Lwa sou Preparasyon Piblik la ak Eta Preparasyon pou Ijans, PREP Act\)](#) COVID-19 bay vaksen COVID-19 selon egzijans deklarasyon PREP Act la epi sou rezèv tout konsèy oswa fòmasyon anplis New York State Department of Health bay oswa idantifye.

- Nan moman jesyon estòk vaksen an, yo dwe toujou suiv yon pwosesis premye antre, premye soti, kote yo itilize ti boutèy vaksen (fyòl) ki gen dat ekspirasyon ki pi ansyen yo avan.
- Pwofesyonèl k ap bay vaksen yo dwe diminye vaksen yo pa itilize, selon konsèy CDC ki deklare kwak pwofesyonèl ki enskri yo dwe kontinye suiv pi bon pratik pou itilize chak doz posib, se pa ta dwe jiska pèdi posiblite pou vaksinen tout moun ki kalifye lè yo prè pou pran vaksen. (gade paj 4 pou plis konsèy.)
- Pwofesyonèl yo pa dwe ranpli plis sereng pase sa yo kapab itilize nan inèdtan. Yo dwe itilize sereng vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna yo ranpli sis (6) èdtan aprè yo fin ranpli yo; yo dwe itilize vaksen Janssen (Johnson & Johnson) nan de (2) èdtan aprè yo fin ranpli yo. Lè yo ranpli twòp alavans sa kapab lakoz yon gaspiyaj si yon klinik dwe fini pi bonè oswa si gen yon gwo kantite benefisyè ki echwe nan depistaj medikal yo oswa ki pa vini nan randevou yo a. Tanpri gade [konsèy sou itilizasyon dòz vaksen kont COVID-19 ki rete nan fen jounen an oswa nan klinik la pou pwofesyonèl ki ap patisipe nan Pwogram Vaksinasyon kont COVID-19 New York State la](#) pou plis enfòmasyon.
- Tout etablisman oswa kabinè gen obligasyon pou yo fè suivi sou itilizasyon vaksen yo pami pèsònèl yo epi yo dwe bay NYSDOH atravè sondaj HERDS done sou itilizasyon vaksen yo, oswa dapre enstriksyon ajans oswa òganizasyon an.

Chak pwofesyonèl ki resevwa vaksen:

- DWE asire l chak moun yo vaksinen montre prè li fin ranpli [Fòm Vaksinasyon kont COVID-19 NYS](#) ak atestasyon.
- Dwe fè tout efò pou itilize tout dòz vaksen yo nan yon delè sèt (7) jou aprè yo resevwa l pandan y ap bay li byen rapid bay moun ki kalifye.
- Pwofesyonèl yo dwe itilize NYSIIS oswa CIR pou fè rapò sou tout vaksen yo bay yon fason ki egzat epi konplè, 24 èdtan aprè yo fin bay li, epi Pwofesyonèl yo dwe gen yon estòk ki ajou nan sistèm sa a. Li enpòtan anpil pou pèmèt yon moun pwouve estati vaksinasyon li.
- Konsènan **famasi** yo, yo otorize famasyon vaksinen moun ki gen 12 lane ak plis pou COVID-19, selon Setyèm Amandman ki nan deklarasyon sou Public Readiness and Emergency Preparedness Act (PREP Act) (Lwa sou Preparasyon Piblik la ak Eta Preparasyon pou Ijans, PREP Act) pou repons medikal kont COVID-19.

Anplis, pou asire tout moun ki ap viv New York kapab jwenn vaksen toupre lakay yo, **nou vrèman ankouraje pwofesyonèl yo mande etablisman yo a enskri nan zouti anliy VaccineFinder CDC a ([Vaccines.gov](#))**. Pou sa, pwofesyonèl yo dwe defini chan afichaj Pòtay Lokalizasyon COVID-19 konsènan Lasante pou “afiche” si etablisman an ap bay gran piblik la vaksen aktyèlman. Sa ap pèmèt pasyan ki nan zòn lokal la wè si etablisman an gen dòz nan chak mak yo, pou pèmèt yon piblik ki pi laj gen jwenn vaksen atan.

- NYSDOH fè rapò konsènan estòk yo chak lendi rive vandredi pou chak òganizasyon. Kidonk, òganizasyon yo pa bezwen bay VaccineFinder rapò konsènan estòk (kwak yo gen aksè).
- W ap jwenn plis enfòmasyon sou zouti VaccineFinder [isit la](#).

### Mesaj pou Sit Esè Klinik pou Vaksen kont COVID-19:

Kòm rapèl, tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan State of New York dwe antre nan NYSIIS oswa CIR. Sa pran ankòt nenpòt dòz yo bay nan kad pati eksperimental yon esè klinik ansanm ak dòz yo ofri epi bay patisipan ki

nan gwoup kontwòl la (ki te resevwa plasebo nan kòmansman an) aprè esè klinik la fini oswa nan lòt moman pwotokòl esè a. Pèsonèl sou sit la ki ap patisipe nan esè klinik la dwe bay patisipan yo yon kat vaksinasyon epi antre antesedan vaksinasyon patisipan yo nan NYSIIS/CIR si sa aplikab. Tanpri remake se sèlman vaksen ki te resevwa yon Otorizasyon pou Itilizasyon pou Ijans oswa Food and Drug Administration (Administrasyon Manje ak Medikaman, FDA) Etazini an te otorize yo kapab enskri.

### **Dezyèm Dòz Vaksen COVID-19 la:**

Vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna mande de (2) dòz, alòske vaksen Janssen (Johnson & Johnson) mande sèlman yon sèl dòz. Yo dwe bay dezyèm dòz la 21 jou (vaksen Pfizer-BioNTech) oswa 28 jou (vaksen Moderna) aprè premye dòz la. Pou fasilite sa, tout pwofesyonèl yo **dwe** planifye randevou pou dezyèm dòz la pou benefisyè yo **nan moman yo bay premye dòz la**.

Moun yo dwe resevwa de (2) dòz nan menm vaksen an (pa egzanp, ou dwe resevwa de (2) dòz nan vaksen Pfizer-BioNTech oswa de (2) dòz nan vaksen Moderna). Yo **pa** ka melanje yo. Tanpri gade [Konsèy pou yo Bay Dezyèm Dòz Vaksen COVID-19 la](#) pou plis enfòmasyon konsènan fason pou bay dezyèm dòz la.

Si yon moun mande dezyèm dòz la aprè li fin rate delè 42 jou a, li dwe toujou resevwa dezyèm dòz la. Li pa nesèsè pou li rekòmanse seri a, dapre konsèy CDC a. Pwofesyonèl ki pa gen ase vaksen pou bay yon dezyèm dòz ki te retade pou plis pase 42 jou dwe travay ak depatman sante lokal yo a.

Sikonstans yo ka fè moun yo resevwa dezyèm dòz la yon kote ki diferan ak premye a. Pwofesyonèl ki detèmine moun nan pa kapab retounen kote li te resevwa premye dòz la dwe planifye yon dezyèm dòz pou moun sa yo oswa kòdone avèk depatman sante lokal ki responsab la pou jwenn yon pwofesyonèl ki gen dezyèm dòz anplis nan vaksen ki apwopriye pou vaksinen moun nan. Yo kapab lokalize disponiblite vaksen yo tou lè yo itilize [CDC's VaccineFinder](#). Moun yo pa ta dwe responsab pou yo jwenn randevou pou dezyèm dòz la. Obligasyon sa se pou pwofesyonèl ki te bay premye dòz la.

### **Konsiderasyon Espesyal pou Moun ki ap Resevwa Premye Dòz yo a Andeyò New York State:**

Moun ki te resevwa premye dòz vaksen kont COVID-19 andeyò New York State yo p ap gen dosye dòz sa a nan NYSIIS oswa CIR. Pwofesyonèl ki ap bay dezyèm dòz la dwe antre premye dòz la nan NYSIIS/CIR kòm yon pati nan dosye istorik la pandan l ap itilize done yo site sou kat vaksinasyon kont COVID-19 moun nan OSWA enfòmasyon pasyan an li dwe mande pwofesyonèl swen primè li a pou antre premye dòz yo a nan NYSIIS/CIR konsa Eta a ap gen dosye konplè pou toulède dòz vaksen kont COVID-19 yo.

### **Konsiderasyon Espesyal pou Moun ki Resevwa Vaksen COVID-19 Andeyò Etazini:**

[Konsèy CDC](#) pou moun yo vaksinen kòm sadwa deklare “yo kapab aplike konsèy sa yo [CDC] tou pou vaksen COVID-19 World Health Organization (Òganizasyon Mondyal Lasante, WHO/OMS) te otorize yo itilize pou ijans (pa egzanp, AstraZeneca/Oxford).”

Pou vaksen COVID-19 FDA pa t otorize men OMS mete nan lis itilizasyon pou ijans:

- Moun ki te resevwa tout dòz vaksen yo rekòmande pou COVID-19 OMS mete nan lis itilizasyon pou ijans yo **pa bezwen** pran lòt dòz vaksen COVID-19 FDA otorize.
- Yo kapab ofri moun ki pa te resevwa tout dòz vaksen yo rekòmande pou COVID-19 OMS mete nan lis itilizasyon pou ijans yo yon seri vaksen COVID-19 konplè FDA otorize.

Pou vaksen COVID-19 FDA pa t otorize epi OMS pa t mete nan lis itilizasyon pou ijans:

- Yo kapab ofri moun ki te resevwa tout oswa kèk nan dòz vaksen yo rekòmande pou COVID-19 FDA pa t otorize epi OMS pa t mete nan lis itilizasyon pou ijans yo yon seri vaksen COVID-19 konplè FDA otorize.

### **Vaksen COVID-19 OMS Mete nan Lis Itilizasyon pou Ijans**

Nan dat 15 jen 2021, OMS te fè yon lis vaksen COVID-19 pou yo itilize pou ijans:

- Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech (pa egzanp, COMIRNATY, Tozinameran)\*
- Vaksen COVID-19 Janssen (Johnson & Johnson)\*
- Vaksen COVID-19 Moderna\*
- Vaksen COVID-19 AstraZeneca-Oxford (pa egzanp, Covishield, Vaxzevria)
- Vaksen COVID-19 Sinopharm
- Vaksen COVID-19 Sinovac

\*FDA otorize yo itilize yo pou Ijans nan Etazini tou

### **Dòz Inivèsèl:**

Depi 11 me, New York State pase nan pwosesis bay “Dòz inivèsèl” pou tout kalite vaksen kont COVID-19 ki gen plizè dòz. Kounyeya yo konsidere tout dòz yo tankou dòz inivèsèl, sa ki vle di yo kapab itilize dòz yo swa kòm premye oswa dezyèm dòz, menm si yo te voye l anvan sa pou pwofesyonèl la kòm premye dòz oswa dezyèm dòz. Sa PA elimine obligasyon pwofesyonèl la pou l planifye randevou pou dezyèm dòz la nan moman y ap bay premye dòz la.

Yo kapab pran swa premye oswa dezyèm dòz la apati menm fyòl la tou. Tanpri itilize règ pou premye antre, premye sòti pou jere estòk yo, pou tout dòz yo konsidere kòm dòz inivèsèl. Sa enplike pou ou konsève vaksen ou fèk resevwa yo nan frijidè jiskaske ou bezwen yo. **Pwofesyonèl k ap bay vaksen COVID-19 yo dwe kontinye suiv konsèy jiridiksyon yo a (NYC oswa NYS) sou kesyon kòmand ak envantè vaksen pou mande distribisyon vaksen chak semèn.**

### **Dòz Pfizer-BioNTech ak Moderna anplis:**

Fyòl Pfizer-BioNTech ak Moderna kapab gen omwen yon dòz vaksen anplis. Selon kalite zegwi ak sereng yo itilize yo, kapab gen rès vaksen ki rete nan fyòl la. Moun ki ap bay vaksen an kapab itilize tout rès vaksen li kapab rale byen fasil avèk yon sereng pou reponn ak egzijans dòz konplè a. **OU PA KAPAB** melanje likid rès vaksen ki sòti nan plis pase yon ti boutèy pou pwodui dòz anplis.

Sa enpòtan anpil paske vaksen an pa genyen konsèvatè. Antre tout vaksen ou bay nan NYSIIS/CIR, ni nenpòt vaksen anplis ou te bay, men pa modifiye envantè a nan antisipe dòz anplis. Pou plis enfòmasyon, tanpri gade konsèy pou [Pfizer-BioNTech](#) ak konsèy pou dòz [Moderna](#) anplis. Nou pa obsève vaksen anplis nan fyòl Janssen (Johnson & Johnson) aprè senk (5) dòz yo prevwa yo.

### **Gaspiyaj Responsab:**

CDC a te pibliye jou ki 11 me a konsèy konsènan gaspiyaj avèk mesaj enpòtan ki mande pou yo “sezi tout opòtinite pou vaksinen chak moun ki kalifye”. Firanmezi opòtinite vaksinasyon yo ap ogmante, posiblite pou yo

kite dòz nan ti boutèy vaksen san itilize yo kapab ogmante. Byenke pwofesyonèl ki enskri yo dwe kontinye suiv pi bon pratik pou itilize chak doz posib, se pa ta dwe jiska pèdi posiblite pou vaksinen tout moun ki kalifye lè yo prè pou pran vaksen.

Pou pwofesyonèl yo asire yo pa rate yon okazyon pou vaksinen chak moun ki kalifye:

- Pwofesyonèl yo dwe suiv [pi bon pratik klinik pou vaksinasyon menm jan ak pi bon pratik lè y ap jere estòk](#) pou maksimize vaksinasyon an epi diminye gaspiyaj dòz.
- Pwofesyonèl yo pa dwe rate okenn okazyon pou vaksinen chak moun ki kalifye ki prezante sou sit vaksinasyon an.
  - Panse anvizaje epi fè pwomosyon pou jounen oswa demi jounen vaksinasyon pou ogmante posiblite pou yon bon kantite moun prezante pou pran vaksen an menm jou a.
  - Vaksinen manm fanmi oswa zanmi ki akonpanye pasyan yo nan vizit medikal menm si yo pa pasyan ki etabli nan kabinè vaksinasyon an.
  - Kontinye aksyon sansibilizasyon bò kote patwon oswa lòt patnè kominotè ki gen yon gwo kantite manm oswa rezo pou òganize evènman vaksinasyon.
  - Kòm plan ijans, pwofesyonèl k ap bay vaksen yo dwe eseye kontakte plis moun (sa vle di apati yon lis atant oswa atravè kontak pèsònèl moun yo te vaksinen) pou itilize plis dòz ki posib.
  - Depi fyòl ki gen plizyè dòz yo pèse, yo dwe itilize yo nan yon delè:
    - 12 èdtan (Moderna)
    - 6 èdtan (Pfizer)
    - 6 èdtan (nan frijidè) oswa jiska 2 èdtan nan tanperati anbyan (J&J/Janssen)

### **Fòm Vaksinasyon Obligatwa:**

Tout moun ki resevwa vaksen COVID-19 la **dwe** ranpli [Fòm Vaksinasyon kont COVID-19 New York State](#) la pou premye dòz la, epi ateste yo kalifye pou vaksinasyon an. Tout kabinè, pwofesyonèl ak antite dwe konfime y ap respekte egzijans sa a nan moman y ap bay vaksen an.

### **Sekirite Vaksen yo:**

Suivi aprè vaksinasyon an se yon pati esansyèl nan pwogram vaksinasyon kont COVID-19 la. Centers for Disease Control and Prevention (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, CDC) ankouraje tout moun ki te vaksinen patisipe nan V-Safe, yon aplikasyon ki sou yon esmatfòn ki ap pèmèt moun ki vaksinen yo endike sentom yo genyen nan jou aprè vaksinasyon an pandan y ap itilize mesaj tèks. V-Safe bay yon rapèl pou dezyèm dòz la ak yon suivi nan telefòn tou pou tout moun ki rapòte evènman medikal endezirab ki enpòtan. Ou kapab jwenn materyèl V-Safe sou <http://www.cdc.gov/vsafe>, ak yon fich enfòmasyon V-Safe. Tanpri enprime fich enfòmasyon an epi remèt li bay chak moun ki vaksinen. Ou dwe rapòte nenpòt evènman endezirab ki parèt aprè vaksinasyon an bay Vaccine Adverse Events Reporting System (Sistèm Deklarasyon pou Evènman Endezirab Vaksen an, VAERS) sou [info@VAERS.org](mailto:info@VAERS.org) oswa rele nan 1-800-822-7967.

### **Jistis ak Aksè:**

Dwe gen efò ki fèt pou sansibilize moun ki gen 12 lane ak plis nan tout kominote ak tout kote. Moun ki ap viv nan zòn ki gen yon endis vilnerabilite sosyal ki wo kapab trape COVID-19 pi fasil epi yo ta dwe enfòme yo sou fason yo kapab resevwa vaksen an. Tout efò ta dwe fèt pou ogmante posiblite aksè a vaksinasyon.

**Kominike Plan an:**

Tanpri asire w ou kominike konsèy enpòtan anpil sa a aklè bay tout pèsonèl ki patisipe nan pwogram vaksinasyon an.

Konsèy aplikab apati dat piblikasyon an jiskaske yo mete yo ajou, oswa NYSDOH pibliye konsèy anplis. Si w gen kesyon, tanpri kontakte New York State Department of Health, Biwo vaksinasyon sou [COVID19vaccine@health.ny.gov](mailto:COVID19vaccine@health.ny.gov).

## **Konsèy pou Pwogram Vaksinasyon nan New York State Apendis A**

Tout moun ki gen 12 lane ak plis epi ki rezide nan Etazini kalifye pou pran vaksen an. **Men, yo PA otorize minè ki gen 12 jiska 17 lane resevwa vaksen Janssen/Johnson & Johnson oswa Moderna COVID-19. Yo kapab sèlman resevwa Pfizer nan moman sa a selon Emergency Use Authorization (EUA) (Otorizasyon Itilizasyon pou Ijans, EUA) FDA a. Yo poko otorize timoun ki gen mwens pase 12 lane resevwa OKENN vaksen COVID-19.**

Li enpòtan pou ou verifiye laj moun ki sanble minè yo pou konfime si yo kalifye epi pou asire ou ba yo vaksen COVID-19 la ki apwopriye a.

Yo ta dwe mande prèy pou laj moun nan men li pa obligatwa lè paran oswa responsab legal la disponib pou ateste laj minè a. Prèy pou dokiman yo kapab se (pou site sa yo ase):

- Lisans Chofè oswa Nimewo idantifikasyon pou moun ki pa chofè;
- Batistè ki sòti nan gouvènman lokal oswa nan eta a.
- Nimewo idantifikasyon konsila
- Paspò ameriken ki aktyèl oswa paspò etranje ki valid.
- Kat rezidan pèmanan
- Sètifika Natiralizasyon oswa Sitwayènte
- Kontra asirans vi avèk dat nesans
- Atestasyon Paran/Responsab legal

### **Konsantman Minè:**

#### **16 ak 17 lane:**

Pou tout minè, yon paran oswa yon responsab legal dwe bay konsantman pou vaksinasyon. Pou minè ki gen 16 oswa 17 lane, yo dwe bay konsantman sa a swa an pèsòn oswa nan telefòn, nan moman randevou pou vaksinasyon an. Pwofesyonèl yo kapab deside si y ap aksepte yon deklarasyon konsantman alekri nan men paran oswa responsab legal la, lè paran oswa responsab legal la pa disponib nan telefòn pou bay konsantman pou vaksinasyon yon minè ki pa akonpanye. Yo kapab konsidere [Fòm Konsantman pou Depistaj ak Konsantman pou Vaksinasyon COVID-19 NYS](#) la nan objektif sa a.

#### **12 jiska 15 lane**

Anpils, pou minè ki gen 12 jiska 15 lane, yon granmoun ki ap ba li swen dwe akonpanye l tou. Si granmoun ki ap bay swen an pa paran oswa responsab legal la, se paran oswa responsab legal la ki dwe deziyen granmoun ki ap bay swen an. Paran oswa responsab legal la dwe toujou bay konsantman pou vaksinasyon an.